Прохоровасдаса хIинкъарал редакторал

Зульфия ХIажиева

3

Инсанги, пишаги, пачалихъги…

ГъазимухIамад Гъалбацов

4-5

Дун вачIун вукIана гьаб дунялаладе, гьалдолеб рокьигун, боркьараб ццингун...

Гьарадерихъа ГIабдулпатахI

6

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХIДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. ХIамзатов

№16 (16) 23 сентябрь 2011 сон МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Теракталги, президентги, кино бахъулел чагIиги…

Шамат къо бокьула дие. Иргадулаб газетаги биччан тIаде рачIарал гIодоркъоязда рес щола хIухьбахъизе. ХIухьбахъиги дир гIемерисеб букIуна гIадамалгун гарачIвариялда, чаялда нахъа, паркалда, кафеязда, батIи-батIиял бакIазда. ГIемераб интересаб жо бицуна гIадамаз. Цо Унсоколо операциязда гIахьаллъарав чияс Генуб лъугьа-бахъунеб букIараб жоялъул бицунеб рагIарабго бичIчIана гьениб гьабураб хIалтIи терроризм лъугIизабиялъе гуреб, гьеб гIезабиялъе гьабулеб букIараблъи.

Дунгун кIалъалев чи вукIана рохьилазда данде чIарав чи. Амма гьес гендерил къварилъухъе аскарги реххун гIадамазе кьолеб букIараб гIакъубаялъул бицараб мехалда тамашалъи гьабуна, гьев кин добго пикруялда хутIаравали. Масала, жамагIаталда лъазабун букIана, рагьун нуцIбигун ва ракун чирахъалгун гурони къаси регизе ихтияр гьечIин. ТIад маскаби хурал гIадамаз рокъор чIухь балаго гIадамал инжит гьариялъул рагIарабго, дица тамашалъи гьабичIо доба пачалихъалда дандечIарал къуватал раккиялда.

Дагъистаналда парахатаб гIумру букIиналдаса хьул къотIана доб къоялъ.

Ниж паркалда чай гьекъолел рукIаго цо дир пишацояс ахIун бачIана хъулухъалдаса реххарав журналистасулгун букIараб судалъул процессалъул хIакъалъулъ. Редакторас судалде витIун вугоан жиндирго адвокат. Журналистас судалда абун буго, дир профессионалияб журналистасул махщелги, лъайги борцизе ккани гьев приказ хъвалев чиясул жиндирго букIине ккола лъай абун. Гьев живго халкъалдаса декабристалгIан журналистикаялдаса рикIкIадав чи вугин. Редакторасул приказалъул рахъ кколев адвокатас аслиял гьужумал гьарун руго гьел рагIабазде. Кин кIолеб дуда гьедигIан ургъичIеб жо абизе? Редакторасул лъайги, журналистасул махщелги бугеблъи дуда лъалеб батичIони, цохIо гьеб хIужжа гIолин мун хъулухъалдаса вахъизе. Лъай гьечIев чияс кин нухмалъи гьабулеб къого соналъ газеталъе? Гьал рагIабазде кIвар кьезе ккола. Къого соналъ…

Гьеб къого соналъ гьесул къалмикьа къватIибе бачIараб жоялда тIад щивниги ургъулев гьечIо, кинха ургъилел гьечIеб жоялда тIад? Гьеб болжал рагIула кIвар бугеб жо, къого сон. БачIунеб соналъ гьес жеги ахIмакъал хIукмаби ва приказал хъвани, адвокатас абизе буго, кин кIолеб гьедин абизе, къоло цо соналъ редакторлъи гьабурав чиясдаян. Журналист хъулухъалдаса реххиялъе аслияб гIиллалъун рагIула гьес «Миллат» газета лъикIаб бугин абураб калам гьаби.

ТIубанго журналистикаялдаса рикIкIадав чиянги гьесда кин абилеб, цо-цо гьелда хурхарал тадбирал гьарулевин вукIуна. Масала, араб анкьалъ гьев ун вукIун вуго мугIрузул районазде Сулиета Кусова абурай гIадангун кино бахъизе. Ниж ритIун руго президентас нужер хIакъалъулъ кино бахъизеян бичIчIизабун буго гьез магIарулазда. Масала, нижеда кIвана бахъизе Леваши пожарниказул машинабаз капуста лъалъалеб къагIида, ЛъаратIагун БежтIаги гьелде бачIараб жо бахъизе ккола. ГIадамазда бичIчIун гьечIо гьезие къваригIараб жо, кин бугониги магIарухъе рачIарал чагIилъидал, жалгоги президентас «гьарун», гьоболлъи гьабун буго. Президентасда гурхIичIого лъида гьанже гурхIилел, гьел кIигоязул киноялъ Дагъистан камил гьабизе вахъарав? Гьесда киноялдаса лъалеб жо гьечIониги гурхIула президентасда. ХIасил калам, сапаралъул аслияб мурад, «Миллат» газета ва редактор какиялде бачIун буго ЛъаратIа. ГIайибги щибха гъаримасда, камера хIалтIизабизе кIолеб гьечIони, гьелда цеве кIалъазе лъалеб гьечIони, щиб бугониги абизе ккколелъул гьакълил столалда нахъагIаги. Сулиета Кусоваги йикIун йиго жий щиб мурадалъ сапаралда яхъизаюрай лъаларого. ГIадамаздаги бичIчIун гьечIо гьел щибизе рачIаралали. Дихъе щварал баяназдаса живго президентасдаги гьеб киноялъул лъалеб жо рагIуларо. ГIалида лъалеб буго кино бахъизе ккколеблъи, Сулиетада лъалеб гьечIо кинаб кино гьесие къваригIун бугебали. ГIадамал хадур гъолел гьечIо гьалбадерие къваригIараб жоялда. Дица президентасухъе цо нухалдаги хъван букIана послание бичIчIизабизе ва коррупциялда данде рагъ базе ккколин мискинал магIарул росабалъе костюм тIажу ретIарал гIадамал ритIугеян. Гьанибго лъугIизабизе ккколин коррупцияйилан.

Гьанже гьев Кусовалъулгун Камаловасул киноялъухъ валагьун рагIула, кино бахъулезул рагIабазда рекъон. Президент гъоркье рещтIунищ, ал тIараде унищ – цо бичIчIулареб жо лъугьун буго гьез бахъулеб киноялъул. Кинабго республика буго жакъа лъебелазул рохьоб кино бахъулел гьал кIигоязда релълъун, цоял кино бахъизе бокьун, кIиабилел сундул хIакъалъулъ лъаларого, роцIцIарал къоязухъ урхъун буго гIалам. Гьеб роцIцIине ккани гьури пулеб рахъги лъазе ккола, лъугьа-бахъунебги бичIчIизе ккола, чиясе къиматги чIванкъотIараб ишалъухъ, бицунеб рагIухъ, хъвараб тIехьалъухъ, гьабураб хIалтIухъ балагьун кьуни мекъи ккеларо.

Жив къадахъанин абулев чиясул къед бихьизе ине ккола, журналистин хъвараб значокги бан вачIарасе царал мисал баче. Бихьун гурони божуларин абурабила цараца.

цIиял гурел харбал

Сардилъ рахъарал кьвагьиял

Сентябралъул къоло кIиабилелда сардилъ 00.40 минут хIалтIарабго Ермошкинилгун Дахадаевасул къватI цолъулеб бакIалда бахъана кьвагьи. Гьелъул хIасилалда кьвагьи бахъараб бакIалде полициялъул хIалтIухъаби рачIарабго 15 минуталдаса бахъана кIиабилеб кьвагьи.

Кьвагьизарулел алатал лъун рукIун руго нухлул рагIалда чIарал машинабазда жанир. Лъукъаразул къадар 61 чиясде бахъун рагIула, 40 ялдаса цIикIкIун руго полициялъул хIалтIухъаби. Киналго лъукъарал рачун руго хехаб кумекалъул машинабаз больницаялде. Теракталъул хIасилалда кьвагьи бахъараб сордоялъго хвана полициялъул подполковник. МахIачхъалаялъул теракталдаса жеги тахшагьар лъавуде бачIинелде, радал, хIалтIуда унаго нухда кьвагьи лъуна Буйнакс РОВДялъул начальник МухIамаднаби Адильхановасда, гьесда цадахъ вукIарав кIиго хIалтIухъан чIвана. ТIоцебесеб теракталъе лъун букIун буго 3 киллограмм тротилалъул, кIиабилелъул къуват 40 килограммалде гIагарун букIанин чIезабуна. Теракталъул хIасилазда лъукъаразул къадар щибаб сагIаталда жаниб хисулеб буго, ахиралда нижехъе щварал баяназда рекъон лъебергоялдаса цIикIкIун чи рагIула захIматаб хIалалда. Гьебго къоялъ бачIана информация Унсоколо ва ЦIунтIа районазда рагъулал колонаби унел нухазда лъурал бомбаби ратанин абураб.

ХIасил калам, изну гьечIого яргъид гIуцIаразул гьужумаз республикаялда гIаммаб планалда рекъон рагъ лъазабураб гIадаб ахIвал-хIал лъугьана. Кинаб букIинеб пачалихъалъул гьелда данде гьабулеб рагъ, киб бахъизе бугеб иргадулаб кьвагьи, рагьизе бугищ гьал такъсиразул цонигияб абураб суал хутIулеб буго рагьараблъун.

Р.ГIабдулатIиповасде гьужумал: политикайищ, миллатчилъийищ?

Машгьурав Россиялъул политик, федерализмалъул ва миллиял гьоркьорлъабазул гIалимчи Рамазан ГIабдулатIиповасул ректорлъиялда тIаса хъвараб кагътида ва гьелда тIасакIалъаяз цIун руго интернеталда гIурусазул миллатчагIазул сайтал. «Миллаталде балагьун чиясеги, къадаралъухъ балагьун халкъалъеги ращадал ихтиярал гьечIеб улкаялда федеративияб пачалихъ абизе рекъон гьечIин» абун букIана Рамазаница цебехун. ХIисаб гьабураб мехалда жакъасеб Россиялъе бищунго хIинкъи бугеб суаллъун лъугьана миллатчилъи.

Гъоркьехун бахъараб кагътида киналдего гIагарун гьереси бугониги жакъасеб Россиялъул ахIвал-хIал бихьизабизе бахъулеб буго кагъат. ГIелму-лъай щваралдаса нахъе Россиялъул пачалихъалъул хъулухъаздаги вугев, гIурусай чIужуги йигев машгьурав политикасде гьал гьужумал ругеб мехалда, хIисаб гьабе гIадатияв кавказиясул кинаб хIал букIинеб жакъа Россиялда. Гъоркьехун кьолеб буго Р.ГIабдулатIиповасул «такъсирал» рехсон Д. Медведевсухъе гьабураб хитIаб.

Мы, студенты и выпускники Московского государственного университета культуры и искусств,

являясь патриотами своей альма-матер, обращаемся к Вам как к высшему государственному лицу с нижайшей просьбой остановить процесс уничтожения одного из старейших вузов России.

Ректор МГУКИ Рамазан Гаджимурадович Абдулатипов умело вводит в заблуждение общественность и Министерство культуры РФ, представляя МГУКИ, как динамически развивающийся вуз культуры и искусств России. На самом деле, это абсолютно не соответствует действительности.

МГУКИ сегодня – это потемкинские деревни, за красочно размалеванными стенами которых творятся произвол, беззаконие, процветает средневековое хамство, под барабанный бой показных мероприятий и лживых реляций на корню уничтожается само понятие образования, и, что самое страшное, уничтожается русская культура, вытравляется сам русский дух. По сути, при полном попустительстве Министерства культуры РФ и лично министра Авдеева А.А. на Левом берегу Москва-реки создана и активно функционирует Дагестанская организованная преступная группировка (далее банда Абдулатипова),

цели которой, по-видимому, несколько шире, чем просто захват недвижимости и преступное обогащение. Идет последовательное и настойчивое «омусульманивание» университета, криминализация всего образа жизни Левобережья. Мы - студенты МГУКИ, голосуем против:

- ректора МГУКИ Абдулатипова Р.Г. и его банды, разворовывающей и уничтожающей старейший вуз России

- уничтожения русской культуры бандой Абдулатипова Р.Г.

- распила бюджета университета бандой Абдулатипова Р.Г.

- процветающего во МГУКИ кавказского национализма

- унижений студентов и преподавателей со стороны ректора и его банды

- мусульманизации Московского университета культуры и искусств

- превращения МГУКИ в дагестанский аул;

- того, что ректор Московского государственного университета культуры и искусств плохо говорит на русском языке;

- круглосуточных и нескончаемых дней дагестанской культуры в вузе

- показушной деятельности банды Абдулатипова Р.Г. на ниве культуры и просвещения

- ежедневного и осознанного снижения уровня образования в Родном университете

- уничтожения одного из лучших в России профессорско-преподавательского состава, осуществляемых бандой Абдулатипова Р.Г.

- строительства мечети на территории университета

- разжигания представителями дагестанской диаспоры межнациональной розни и ненависти к славянским народам,

- националистической войны во МГУКИ,

- холодного оружия в стенах университета,

- огнестрельного оружия в стенах университета

- наркотиков в стенах университета

- кавказских разборок в стенах университета

- полицейского беспредела местных органов правопорядка, закрывающих глаза на деяния банды Абдулатипова Р.Г.

P.S. Ахиралда нижехъе щварал баяназда рекъон, цо-цо политологаз гьаб хъвайхъвагIай бухьинабулеб буго хаслихъе рукIине ругел Россиялъул парламенталъул рищиязда. Живго Р. ГIабдулатIиповас «Миллат» газеталъе кьураб интервьюялда абун букIана жив Думаялде унев вугин ва гьединаб мурад бугин Дагъистаналъул президентасул. Амма Думаялъул рищиязда ва Москваялъул университеталда гьоркьоб кинаб бухьен бугебали абизе захIмат буго.

Праймеризалъул хIасилазда сияхIал гьаруни гьенив ГIабдулатIипов цебесеб кьерда лъун вугоан, гьезухъ ралагьичIого сияхIал гIуцIулеб цойги къагIида бугищ гьениб, гьечIищ?

Кагътида нахъа Россиялъул политикалищ рукIине рес бугеб, дагъистаниялищ абураб суал роцIцIина рищиял гIагарлъидал.

"ГIабдулатIиповасул" университет

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Гьоцl ал судалда къуна, хIукуматалъ щиб бицунебали балагьилин

Гьоцl дерил жамагIаталъул ихтияр гьечIо жидер ракьалда лъел электростанция бай гьукъизе. Гьедин рикIкIунеб буго Дагъистаналъул Арбитражалъул судалъ. Муниципалиял гIуцIабазда хурхун бахъараб законалда рекъон, гIадамазул ихтияр гьечIила жидер ракьалда кIвар бугел объектал раялъе квалквал гьабизе.

Гьеб буго «ЧIикIабгэсстрой» абулеб гIуцIиялъе данде кколеб хIукму. Лъеда гъоркье унел ракьазухъ пачалихъалъ жидее кьезе кколеб гIарац кодобе щвечIого гьениб электростанция базе жидеца изну кьоларин гьоцIдерица гьабураб хIукмуялда дагIба бан гIарза Арбитражалъул судалде «ЧIикIабгэсстроялъ» хъван букIана.

Хьаргаби районалъул ЧIалда, МагIли,

! Жамагl аталъ гьабураб хIукмуялъул бицине гIицIго жидер нухмалъиялъухъе витIун вачIунила жидерго вакил. Гьелдаса хадуб жидеца хIалтIиги чIезе толила.

КIикIуни росабазул ракьазда гьарулел хIалтIаби рагIалде ракIарулел ругин бицана «Миллаталъе» гьенив хIалтIулев чияс. Амма гьоцIдерица чIезабун бугила лъеда цебе сангар баялъул хIалтIи. Гьединго лъел электростанциялде биччалеб лъинги гьоцIдерил бетIергьанлъиялда рагIула. Нухал къан, техника хIалтIизе биччачIого чIезабизейинги лъугьунарила гьел. ЖамагIаталъ гьабураб хIукмуялъул бицине гIицIго жидер нухмалъиялъухъе витIун вачIунила жидерго вакил. Гьелдаса хадуб жидеца хIалтIиги чIезе толила.

«Миллат» газета гьоркьоб ккун, Балахьуниса АхIмад ХIамзатовас Унсоколо районалъул рахъалдасан гьоцIдериде хитIаб гьабулеб буго жал гIадин пачалихъалъ махсароде кквезе чIогейилан.

ГЭС баялда хурхун раккарал киналго суалал гьоркьор лъезелъун рузманкъоялъ, 23 сентябралда, гьоцIдерил жамагIат ахIун буго Дагъистаналъул хIукуматалда тIобитIулеб данделъиялда гIахьаллъизе.

Гьелдаса хадуб «Миллаталъе» интервью кьезе разилъи загьир гьабуна ГьоцIалъ росдал администрациялъул бетIер Шамил Валиевасги.


ГьоцIалъ ГЭС балеб бакI

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Рахчулел такъсиралги рухулел адвокаталги

Такъсир гьабиялда тIасан хъвараб гIарза къабул гьабуларел, гьединго такъсиразул хъвай-хъвагIай гьабуларел полициялъул хIалтIухъабазе тамихI гьабеян лъазабуна РФялъул Генпрокуратураялъ ВДялъул министр Рашид НургIалиевасда. Аслияб куцалда гьединал хIужаби ккун руго Дагъистаналда, Северияб Осетиялда, Москва, Ростов областазда, Краснодар, Ставрополь краязда, Башкириялда.

Гьедин МВДялъ хIисабалде босичIого тараб 61 азарго хIужа тIатинабун буго Генпрокуратураялъ исана бащдаб лъагIалида жаниб. Гьелъ гьединго лъазабун буго полициялъ такъсиразул къадар мекъи бихьизабулеб букIинги.

Полициялъго гIадин жидеда тIадаб хIалтIи букIине кколеб куцалда гьабуларин гьебго прокуратураялъги, судазги, пачалихъалъул цогидал идарабазгиян абураб пикру буго жамгIияв хIаракатчи ГIисалмухIамад Набиевасул:

> **Полиция щиб жо? Гьеб буго хIукуматалъул ярагъги тIад бан, хIукуматалъул ретIелги тIад ретIун, хIукуматалъул ихтияраздаса пайдаги босун жидеего магIишат гьабулел чагIи.**

«Мисалалъе босани, нижер Гьидалъ лъабго чи чIвана дагьалъ цеве – тукадул бетIергьанги, гьесул лъадиги, тукаде вачIарав васги. Кибха бугеб дело? Гьединго адвокатазе гьебго полициялъ кьолеб гIакъуба лъаларогойищ бугеб? Дой Хасавюрталдаса адвокат Сапиятида данде букIанин гьез къуват хIалтIизабулеб. Полиция щиб жо? Гьеб буго хIукуматалъул ярагъги тIад бан, хIукуматалъул ретIелги тIад ретIун, хIукуматалъул ихтияраздаса пайдаги босун жидеего магIишат гьабулел чагIи. ХIукуматалъ жидее кьураб рес хасаб мурадалъе гIоло хIалтIизабулеб буго полициялъулаз. ЦохIо гьел рехсон тейги мекъаб букIина. Гьездаго релълъарал закон цIунулел цогидалгиха… Кинандай жидеего бизнесги цогидаб хайирги гьабилаян ургъалида ругел чагIи ккола гьел».

ГI. Набиевас бицуней Сапият МухIамадовалда хурхун гIуцIараб уголовнияб делоялъул хал гьабулеб буго гьал къоязда республикаялда. Хасавюрталъул милицабаз юханин жийин абулеб буго гьелъ. Гьелда цебехунги букIана адвокаталъулгун милицабазул дандеккунгутIи. Гьезул цояс инкар гьабун буго адвокат С. МухIамадовалъухъе ордер кьезе. Цинги гьелъ гьеб судалъул канцеляриялдасан тIалаб гьабун буго. Гьеб кагътида рекъон судалъ кинаб хIукму гьабурабали бихьеян, гьелъул хадусеб къисмат цIехезе арай адвокаталде «мун щибулей гIаданин», цогидабин, хъубал жал абизе лъугьун вуго милициялъулав. Гьеб мехалда жий хIакъир гьаюралъухъ гьесие тамихI гьабеян гIарза хъван букIана Сапият МухIамадовалъ. Гьелда данде довго милициялъулас гIарзаги хъван закон цIунулез уголовнияб дело Сапиятида тIад гьабуна. Цинги кIиго соналдасан чIезеги тана, дов хIалтIухъанас гIарза нахъе босиялда бан.



◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Прохоровасдаса хIинкъарал редакторал



Дагьалъ цебе Москваялда политик ва бизнесмен Михаил Прохоровас пресс-конференция кьунин абураб макъала нильер гьаниб чанго газеталда бахъизе кумек гьабеян гьарун букIана дида цо лъалел журналистаз. Аслияб куцалда росабалъ цIалулел гIадал газетазда бахъизе къваригIун бугоан гьезие гьеб. БачIинахъе цо чIанда батилин ракIалде кканиги, цIализе бегьулеб жо бугоан гьеб макъалаги. Дагъистаналдаса Мурад ГIабдулмуъминов, Сапият МухIамадова, ХIуризада Камалова абурал журналисталги гIахьаллъун ругоан Прохоровасул пресс-конференциялда.

Кинасукьадай редакторал цIикIкIун хIинкъарал, Прохоровасукьадай, Сурковасукьадай?

Цогидаб мехалда кьварараб рагIиги кьун, битIун газета типографиялде кьолеб къоялъ цо-цо миллиял газетазул бетIерал редакторазразинкар гьабуна макъалаялдаса. Газеталда материал кьей-кьунгутIиялъул ихтияр редакторасухъ букIуна. Амма жиндагогицин тIубан эхерехун унарел гIиллабазе гIоло пуланаб макъалаялдаса цIалдолел махIрум гьариялъул жавабги гьес жинцаго кьезе ккола.

ПалхIасил, гьале гьеб макъалаялъул къокъаб хIасил.

> **Олигархас рикIкIунеб буго гьабсагIаталда Сочиялда Олимпиялъул объектал разе гIадамазухъа ракьал рахъулеб гIадин, жиндиего пайдаялъе ракьал рахъи гьукъизе кколин пачалихъалъе. ЗахIматалъул кодексин абураб жоги цIигьабизе ккун бугила.**

Пресс-конференциялъул байбихьуда ХIуризадаца Прохоровасда гьикъана Россиялъул регионазда улкаялъул президентасул вакилзаби къваригIунарин Прохоровас абун букIиналъул. ГIицIго Северияб Кавказалда гурони, цогидал бакIазда тарал гьел нахъе рахъизе кколин рикIкIунеб буго олигархас. Федералияб округазда тарал улкаялъул президентасул вакилзабазда тIад къан бугеб хIалтIиги губернатораздагун бакIалъул нухмалъулезда гьоркьоб бикьизе ккола.

- Цебегоялдаса нахъе Хлопонинилгун гьесул лъикIаб гьудуллъи букIинги хIисабалде босун, дица гьикъана гьелъул магIна щибилан. Хлопониниде бугеб рокьиялъ, гьев гьечIого ниж теларилан абулеб жойищин дуца гьеб, яги тIадчи течIого Северияб Кавказалъул бетIербахъи гьабуларин абураб пикруйищин дур гьеб. Хлопонинидехун жиндир бербалагьи кигIан лъикIаб букIаниги, гьесда бараб жо гьениб щибго гьечIин жаваб кьуна Прохоровас. ГIицIго ахIвал-хIал бугила гьениб Кавказалда кутакалда квешаб. Тухумчилъиялда хурхараб рагъги бугила, диналда рарал дандеккунгутIабиги ругила, – гьедин бицана «Миллаталъе» журналист ХIуризада Камаловалъ Михаил Прохоровасдаги жиндагоги гьоркьоб ккараб кIалъаялъул.

Дагъистаналдаса цогидай журналист, Сапият МухIамадовалъ Прохоровасул кIвар бусинабуна Россиялда гьанже машгьурал цо-цо политиказцин миллатчилъиялда хурхарал лъазабиял гьарулел рукIиналде.

- ТIоцебесеб иргаялда, гьес квешаб къимат кьуна гьединал лъазабиял гьарулев Жириновскиясе. Цинги абуна «Россия – гIицIго гIурусазе» йин ахIдолел чагIаз гьарулел жал законалда данде кколел жал гурила. Хадубго тIаде жубана гьединал чагIи туснахъалда тIамизе кколиланги, - ян бицана нижер газеталъе Сапият МухIамадовалъ.

Хадубги макъалаялда хъвалеб буго, Прохоровасул пикруялда рекъон, цебего гIадин бизнесменазда тIад налогазул I4 процент лъеялде рачIине кколин, росдал магIишаталда хIалтIулел гIадамал, гьединго моцIрое I5 000 гъурущ гурони щоларел чагIи налогаздаса тIубанго эркен гьаризе кколин. Олигархас рикIкIунеб буго гьабсагIаталда Сочиялда Олимпиялъул объектал разе гIадамазухъа ракьал рахъулеб гIадин, жиндиего пайдаялъе ракьал рахъи гьукъизе кколин пачалихъалъе. ЗахIматалъул кодексин абураб жоги цIигьабизе ккун бугила. Щайгурелъул, жакъа къоялда гIадамал анкьида жанир 40 сагIаталдаса цIикIкIун хIалтIулел ругила. Законалъ хIисабалде босун гьечIинги абун, букIине кколедухъ гьелъухъ гьезие гIарацги кьолеб гьечIила.

ПалхIасил, гьанжелъагIан нильеда лъаларого букIун гьанже рагьараб цIияб жо щибго гьечIоха Прохоровас гьеб пресс-конференциялда. Лъаларо, цIалдолездаса бахчизе кколеб ва нильее квешаб жо щиб цо-цо редакторазда гьеб макъалаялъулъ батарабалиги. Министрзабазул «теневой» кабинеталъукьагIаги нахъе къан ратилаха гьел.

Щайгурелъул нагагьлъун улкаялъул бетIерлъуде ккани, олигархасда ракIалда рагIула хъулухъал гьадинаб тартибалда рикьизе: наркоманиягун къеркьолев министр – Евгений Ройзман (гьев ккола «Город без наркотиков» абулеб фонд гIуцIарав чи), СМИязул министр – машгьурав журналист Александр Любимов, сахлъи цIуниялъул министр – «36, 6» аптекаби гIуцIарав Артем Бектемиров ва гь. ц. Нагагьлъун кверщел кодобе щвани, олигархасда ракIалда рагIула депутатасул «неприкосновенность» абулеб жоги яризабизе, 4 декабралда президентасул рищияздаги гIахьаллъизе.

БитIараб бицани, дида бичIчIичIо редакторзабазе дандеккечIеб жо – улкаялда ругел гIузраби къватIир чIвазарийищ (амма гьедингIаги бицунареб газеталда цIар «ДРялъул яги РФялъул хIукуматалъул бюллетенилан» хисизе ккелаха), олигарх 4 декабралда президентасул рищиязда гIахьаллъизе вукIинищ, гьев чиясда цIар Прохоров букIинищ, ялъуни Дагъистаналъул нухмалъияль бадибчIвай гьабиялдаса бугеб хIинкъийищ?

◆ ГъазимухIамад Гъалбацов

Инсанги, пишаги,

Нилъее киназего бокьун буго лъикIаб гIумру гьабизе. "ЛъикIаб гIумру" – ян абураб рагIи нилъеда киназдаго бичIчIула рес бугеб, бечедаб, гьарзаяб, лъималазул лъималазецин гIураб магIишат данде гьабизе кIвараб гIумру– ян абулеб рагIи гIадинан. Гьеб буго киназулго мурад. Киназулго батичIониги гIемерисезул мурад.

Амма данчIвазе бегьула нилъер республикаялда ригь барал гIадамал, жидее бечелъи хIажат гьечIин абулел, жидеда бугелда гIей гьабизе лъалин абулел. ДандчIвазе бегьула нилъер ракьалда гIадамал, хасго росулъ, захIмат гурони батIияб жоги бихьичIел, батIияб жоги букIунебищалицин ракIалдеги кколарел, гьаб бугеб гIелин диеян чIарал. Гьединго данчIвазе бегьула гIадамал диналде руссарал, мажгиталдаса, яги какикьжоялдаса рикIкIаде унарел, битIараб нухде ккарал – гьединаз абила дунялалъул боцIи хIажатал чагIи гурин нижилан. Доб дунялалде ралагьун ругел гIадамазе аб дунялалда бугеб боцIи щибизеха?

Гьединал, рухIияб гIумру бечедал гIадамал ратила, амма гIаммаб къагIидаялъ нилъее киназего бокьун буго магIишатияб рахъалъ бечедаб гIумру. Нижеца лъикIаб гIумруян абулеб гьечIо, нижеца абулеб буго бечедаб гIумруян. Бечедаб гIумруги, лъикIаб гIумруги батIи-батIияб жо кколa. Ратула нилъеда, цIакъ къанагIат ратула, амма ратула хIакъикъаталдаги Исламалъул нухги ккурал, БетIергьанасде гьардонги чIалгIунарел, гIадамаз жидер адаб-хъатирги гьабулел, гIодоре риччарал, жив вихьанщинахъе Аллагьги ракIалде щолев, гьав чиги инчIони Алжаналъуве щивин иневилан нилъеда ккезабулеб хасияталъул гIадамал. ГьитIинаб къоялдаса нахъе гьединаб гIамал–хасиятги цIунун гьабураб гIумруялда гьединаб гIамалалъул чиясул гIумруялда квешабилан лъица абилеб? Лъицаниги абуларо. Аллагьасда цебеги лъикIаб бацIцIадаб гIумру буго, гIадамазда цебеги лъикIаб баацIцIадаб гIумру буго. Нилъедаго гьикъани, нилъеца киназго абула гьединаб гIумру лъикIаб гIумру бугилан.

Амма, гIажаибаб жо, гьединаб гIумру гьабизе, гьесда релъун гIумру гьабизе щивниги лъугьунаро. Жегиги вихьичIо унго–унгоги Аллагьасдаги божулев вацIцIадав муъминчиясулъ жахIда ккун гIумру гьабурав чи. Лъицаниги гьабуларо. Амма бечедав чиясулъ жахIда гьабула. Гьесул гIадаб мина бокьула, гьесул гIадаб машина бокьула, гьесул гIадаб горде бокьула, гьесда сверухъ гIадин хIел-хIел чагIи жиндаго сверухъги женжедизе бокьула. ЧIван-къотIун абуни, нилъеего рагIи буго, бечедаб гIумруги лъикIаб гIумруги батIи-батIияб жо кколеб буго. Нилъерго мукъсанлъи, лъавукълъи, ботIролъан загIиплъи батила, нилъее лъикIаб гIумруялдаса бечедаб гIумруги бокьулеб буго. КигIан ботIролъа загIипал гIадамал нилъ ругониги нилъеда цIакъ лъикI лъала хIалтIун чи бечелъуларевлъи. Гьеб пикру бичIчIизе гIураб гIакълу буго нилъер. Кицицин буго нилъер, хIалтIун бечелъулелани бищунго бечедаб жо хIама букIинаанилан. Нилъее къваригIуна хIалтIичIого бечелъизе. Ресги щиб бугеб, хIалтIун бечелъулел гьечIеллъидал, кициялда рекъон… Амма щиб гьабилеб, гIадамал батIи–батIиял рижулел руго, цоял хIалтIулел, цойгидал хIалтIуларел.

Цебе чIезабе мисалалъе цо кинаб бугониги росу. Гьеб росулъ цохIо чи хутIизегIан киналго руго гIорхъулъан ун бечедал гIадамал. ЦохIо чи вуго хIалакъаб нацI гурони хьихьизе кIоларев мискинчи. Щиб къимат букIинеб цохIо вугев гьев мискинчиясул? Щибниги букIинаро.

Цойгидаб росу чIезабе цебе, хъазазул гIадин гарбалги ккурал мискинзабазул цIураб, амма цохIо бечедав чи жанив вугеб. ХIамил гIадин габурги ккун, зама–заманалдаса михъалги нахудаса рацIцIунаго, веччизе лъурав чи гIадин годекIанив гIупал рехулев вугев гьев бечедав чи лъие вокьилев? Лъиениги вокьиларо.

Яги мисалалъе цебе чIезабе гьекъолдухъабазул цIураб росу. БатIияб хIалтIи гьечIого гьекъолдилел ругел гIадамазул цIураб росулъ вуго цо диниял чи. Цо как–кIал толарев чи. Лъие гьев вокьилев? Лъиениги вокьиларо, истакан кодобе босанщинахъе как ахIулев вукIине азие ав щай? Яги чIезабе цебе диниял гIадамазул цIураб росу. Нодо багьезигIан какал ралел ругел гIадамазда гьоркьов вугилан те цо киданиги вигьунарев гьекъолдухъан. Вокьулевищ гьев? Вокьулевищ гьевилан абураб рагIицин рекъолеб гьечIо гьениб… чIаго хутIулевищ гьев? Нилъер заманалда диниял гIадамазда ракIалде кколеб бугеблъидал чи чIванани Аллагьасда живго берцин вихьулилан. Бащдаб шиша гьекъон бахъинегIан чIаго хутIуларо гьев гьекъолдухъан.

Сунцаха инсаниятцIунун хутIун бугеб? ИнсаниятцIунун хутIун буго диналъ. Дунялалда, магIишаталда цере, рукIа–рахъиналда цере, лага–черхалда цере, гIакълу–лъаялда цере гIадамал ращадал ратичIониги Аллагьасда цере киналго ращадал руго. Гьеб пикру бессизабуна щибав инсанасул рекIелъ ракьалде рещтIанщинал аварагзабаз, гIакъилзабаз, цIаларал гIадамаз.

Бечедав чияс гьикъарабила гIакъилав чиясда дун, дурго хан, ракIалдего щолевищин дудаян. ГIакъилас жаваб къурабила щолин Аллагь кIочон танщинахъе.

Доб заманалда киналго гIадамал цIаларалги рукIанин, киналго гIарабалъ рижарал гIакъилзабазул, философазул, диниял церехъабазул тIахьазде тIаде къулунги рукIанилан абизе бегьуларо. РукIинчIо. Росулъ, яги гIажамалъ букIа яги гIарабалъ букIа, цIалдезе лъалев лъабго–ункъго чи вукIарав ватани гьебцин букIана кIудияб даража. Амма гьев лъабго–ункъго чиясул къадру–къимат букIана росабалъ. ЦIаларал гIадамазул къимат букIинчIебани цойгидаб росулъе, мажгиталде, яги медресалде инароан мутагIилзаби къвачIаги гъежтIе рехун цIали гьабизе. Улбуз ритIизеги ритIилароан. Щибаб рузман сордоялъ чияр росулъ къватIалги сверун, щибаб рокъо–рокъоре раккун тIех гьарулел рукIине жидерго лъимал лъица ритIулел? Лъицаниги ритIуларо. РитIуларо, хадубккун лъималазе квеш кколеб бугони, лъималазе щолеб лъаялъул зарал кколеб бугони, цIали–лъаялъул къиматго гьабулареб къагIидаялъ жамагIат бугони.

Шамилил замана бачIиналдегоги, бачIун хадусалаги, инкъилаб ккелалде цебеги къадизабиги, дибирзабиги, будунзабиги рукIана нилъер щибаб росулъ. Росдал дибирасги, бегавуласги, къадиясги гIадлу–назамалдаги чIезабулаан росдал жамагIат. ГIадлуялда чIезабун букIана мажгиталде хьвадиялъул ишги, жамгIияб гIаммаб бакIалде раккарулел гIадамазул ишги, гIолохъабазул чIахIиязулгун гьоркьоблъиялъул ишги, мадугьалихъ росабазулгун гьоркьоблъиялъул ишги. Гьев лъабавго чиясул кинаб бугониги цоцазда бараб жоги букIинчIо цонигиясул, я росдал дибирасул, я къадиясул, я бегавуласул. Росдал дибирасул букIана жиндирго хурги, жиндирго боцIи–панзги, бегавуласул букIана жиндирго хурги, боцIи–панзги къадизабазулги букIана гьединго. Росулъ вугевщинав чиясул жиде–жидер букIана жиде–жидер магIишат. ХIалтIулесул гIемер, кIвахIаласул яги годекIан хириясул дагьаб. ЦохIо нилъер миллаталъул гуребги, дунялалда ругелщинал халкъазул гIадат буго гьеб, гIодоса тIадего батараб, киназего гIаммаб – хIалтIулев чи бечелъула хIалтIуларев мискинлъула. Нилъеца рехсон букIараб хIалтIун бечелъулевани хIама бищунго бечедаб букIинаанин абулеб кици буго хадуб баккараб. Доб заманаялъ, умумузул заманаялъ жакъа гIадин хIалтIиго гьабичIого чи бечелъизе рес букIинчIо – щибав чиясул жиде–жидер магIишат букIана жиндицаго цебе бачине кколеб. Цоясул магIишаталъе цойгидас зарал гьабизе толароан добго нилъеца бицун букIараб диналъ, Аллагьасукьа хIинкъиялъ. Иманго чорхолъ гьечIев чи вугони – шаргIалъги.

Инкъилаб бергьараб мехалда тIубан хисана нилъер умумузул гIумруги, гьелдаго цадахъ пикрабиги. Нилъер умумул божулел рукIана БетIергьанасда цере киналго ращадал рукIиналда, БетIергьанасда цеве вацIад вукIине ккеялда, хIалихьатаб жо гьабизе бегьунгутIиялда, БетIергьанасукьа хIинкъун загIипав къварид гьавизе бегьунгутIиялда, чияр жоялда квер хъвазе бегьунгутIиялда. Инкъилаб ккун хадуб умумул божизаруна коммунист партиялъукьа хIинкъун, гьелъул гIадлу-низамалъукьа хIинкъун, росдал парторганизациялъул секретарасукьа хIинкъун вацIад вукIине ккеялда, хIалихьалъи гьабизе бегьунгутIиялда партиялъукьа хIинкъун загIипав къварид гьавизе бегьунгутIиялда, чияр жоялда квер хъвазе бегьунгутIиялда. ХIасил-калам, коммунистазги абуна кинавниги чи вацIццIадав, ритIухъав вукIине кколилан, щибав чияс лъикIаб гIумру гьабизе кколилан. Бечедаб гIумру гуреб, лъикIаб гIумру гьабизе кколилан. Исламалъги коммунизмалъги малъулеб жо цо букIана. ГьабсагIат нижеда абизе бегьула коммунистал Аллагь гьечIин чIун рукIанилан, гьез какал разе толароанилан, диналде данде къеркьелел рукIанилан. Гьебги букIана.

Амма коммунистазул гIакълу гIечIо Аварагзабаз ракьалде росун рачIарал пикраби хисизаризе, киналниги ракьалде рещтIанщинал диназдасан росана коммунистаз пикраби, малъа–хъваял. Коммунистазул гIакълу гIечIо, гьезда лъачIо Аллагьасул каламалдасаги Аварагасул хIадисалдасаги лъикIаб пикру халкъалъухъе кьезе. Гьединаб пикру батIичIо. Аллагьасул каламги Аварагасул хIадисги гьез жидерго пикру гIадинан кьуна халкъалъухъе. РитIухъавлъунги вукIайин, вацIцIадавлъунгиги вукIайин, кIудиясул адабги гьабейин, гьитIинасул хIурматги гьабейин, бикъизеги бикъугейин, чорокгоги хьвадугейин, цоцазда асклор вацал гIадинги рукIайин, гIакълу-лъаялда хадувги лъугьайин, кинаб милаталъул вугониги чиги хIакъир гьавугейин – хIасил-калам, коммунистаз гIадамазда малъулеб букIанщинаб жо кколa гьез диналдаса росаралщинал малъа-хъваял. БатIиб бакIалдаса росизе ресги букIинчIо, инсаниятбижаралдаса нахъе аваргзабаз халкъазда гьоркьор тIиритIизарулел рукIарал гурел батIиял пикраби лъица росун нилъехъе рачIинел? Кин гIумру гьабизе кколебали лъица нилъеда малъилеб?

Нилъеца бицун букIана умумузул заманалда, нилъер жамагIатазе росдал дибирасги, бегавуласги, къадиясги гIадлу гьабулеб заманалда гьел киназулго жиде–жидер магIишат букIанилан. Цоцазда бараб жо букIинчIо гьезул щибниги, щибасул букIана, киназулго гIадин, жиде–жидер хурги, жиде–жидер боцIиги. Инкъилаб ккун хадусала гьев лъабавго чи хи-

сун рачIана росдал советалъул председательги, коммунист партиялъул ячейкаялъул председательги, колхозалъул председательги. Гьезда тIад къана росдал жамагIаталъе гIадлу гьабизе, гьел нухда рачине. Росдал дибирги, къадиги, бегавулги хисана цIияб гIумруялъул вакилзабаз, нилъерго мацIалда абулеб бугони сельсоветасги, парткомасги, колхозалъул председателасги. БатIалъи щибха ккараб?

Цере рукIарал росдал дибирасулги, бегавуласулги къадиясулги букIана жидежидер магIишат, цIиял рачIарал сельсоветасулги, председателасулги, парткомасулги букIинчIо цо къатIра. Киназухъаго бахъун магIишат гIаммаб гьабизе данде кIутIана, лъихъниги щибниги течIо. Гьеле цере рукIарал росабазе гIадлу гьабулел гIадамазулги, цIияб гIумруялъул тарал хIакимзабазулги батIалъи.

Гьеб данде кIутIараб магIишаталъул гIадлу гьабизе, гьеб киназдаго гьоркьоб бикьизе тIаса ришун тана росабалъго бищун мискиназдасан мискинал. Коммунист партиялъ нухмалъи гьабулеб механда чIухIун хъвалаан мискинаб хъизаналда гIурав чи вугин живилан. ЦIакъ кIвар бугеб хIужжа букIана гьеб биографиялъе.

пачалихъги...

Жакъа нилъер киналго ратана Шамилида цадахъ рукIарал наибзабазул тухумалъул чагIи, ханзабазул тухумалъул чагIи, доб механда цIар букIана мискинзабазул, доб заманалда киназго хъвалаан мискинаб, язихъаб векьарухъанасул хъизаналда гIурав чи вугилан. Гьел векьарухъабазул хъизаналда язихъго гIурал гIадамал тIаса рищун тана гIаммаб магIишаталъе нухмалъи гьабизе, гьеб жамагIаталда гьоркьоб бикьизе. Гьез бикьизеги бикьана. Кин бикьарабали ЦIадаса ХIамзатица араб гIасруялъул лъебарабилел саназго гьадинан хъвана. Гьеб ккола сельпо, букIана гьединаб цо гIуцIи, гьеб сельпо жакъа нилъер пачалихъ гIадин бикъун лъугIараб механда гьеб сельпоялъ жинцаго абурал рагIаби.

Халкъалъ квер чIваниги, кооперативалъ
Керен кьолел чагIи чияр рукIана,
ЧленхIакъ бакIарун кIалцIи баниги
КIал бегIерал гIункIкIаз кунеб букIана.
КIалтIе вачIарасул гьурмахъ балагьун
Гьабулеб очередь чараб букIана.
Членазда гьоркьоб пай бикьулелъул
Кьолебги толебги тайпа букIана.
Алифалъ биги ккун, биялъ тиги ккун
Толаан захIматхалкъ хадуб балагьун.
Гьудул–гьалмагьасе гъоркьанги бегьун
Багьа лъаларилан унаан ритIун.
Оцол лълъар цIоролеб квачараб кьиндал
Кира баччаразе ворчIами щвана,
ШишиликI магIарда сардал рогьарал
Гьакихъаби дица хъвархъвалел тана.
Дирго лъималазе лъабго батIияб
ТIогьол кеп босизе сага рагьана,
ТIеренал гарбазда гугьарги рагьун
Гордохъан рачIарал рагьдухъан ана.
Халкъалъул рагIуде гIин тIамичIого
Дунго язихъ гьабун хъизан хьихьана.
ГIайибалъ бихъараб чехь рагIичIилан
РагIалде ккезегIан гIагарлъи ккуна.

Доб инкъилаб ккелалде заманалда росдал дибирлъунги, къадилъунги, бегавуллъунги рищулаан жидерго магIишат данде бачине лъалел гIадамал. ХIисаб гьабураб механда, жидерго магIишаталъе гIадлу гьабуларев чияс росдае щиб нухмалъигиха гьабилеб? Инкъилаб бергьун хадуб бищун мискинав тIаса вищун тана бетIергьанго гьечIеб боцIи бикьизе. Бикьизеги бикьана, бикьулебги буго жакъа къоялде щвезегIан бисмила бахъичIого. БикьичIогоги тезе бегьилищ бетIергьанго гьечIеб жо?

Гьединго букIине бокьун буго нилъер пачалихъалъеги. Нилъецаги абулеб буго гIолохъабазда пачалихъалда демократия бугин, цойгидасул бугеб ихтияр духъги бугин, гьабейин магIишат, дуего бокьухъин. Нилъехъа щайха батIияб пачалихъалда гIадин гьедин гьабун бажаруларе?

Инкъилабги бихьичIеб перестройка щибалиги лъаларе пачалихъалда ругел гIадамал хIалтIуде лъугьунеб механда жалго реццулел рукIуна. Дихъа гьабги гьабун бажарула гьадинаб лъаялъул чиги вуго дун, дун гьечIони нужер гьеб фирмаялъул цо щибниги кколаро, дидаса гIакъилавги, цIодоравги гьунар бугевги чи нужехъе киданиги щоларо – ян чIола киве вугониги хIалтIизе вачIунев гIолохъанчи. Мисалалъе дир буго дунго бетIергьанаб фабрика. Дица кIвараб жигар бахъула гьениве хIалтIизе вачIунев гIолохъанчи хIакъикъаталдаги лъайги бугев бажариги вугев вачIине, гьединав хIалтIизеги восула дица. Амма дун пачалихъалъул фабрикаялъул директор вугони дица гьединав гIолохъанчи хIалтIуде восуларо. Щибизе дие дидаса дир хIалтIи лъалев чи къваригIун вугев, малъарилев вукIине. Дун кутакав чи вукIинчIевани дун директорлъунищ телев вукIарав? Дун гIакъилавги вуго цIодоравги вуго. Гьунар бугевги вуго. Дие цойгиги гIакъилавги цIодоравги щиб гьабизе? Дица вацгIалго восила хIалтIизе, дие гьесул гьунар щай? Гьаб фабрика дирго букIарабани батIияб жо бугоан, пачалихъалъулин цIарги лъун лъилали лъалареб фабрика цебе тIуниги щиб дие тIечIониги щиб? ТIубанго релъарал ратичIониги гIага–шагарго гьединал пикраби рукIуна кинавниги чиновниказул. Гьесие малъа–малъарав гьабулев тIархIа аскIов кквезе бокьула бажари бугев чиясдаса, хасго гIагаравги вугони.

Гьединлъидал хIакъикъаталдаги бажари бугел гIолохъабазе гьесул бажариялда рекъон хIалтIи нилъер пачалихъалда щоларо. ТIоцебесеб иргаялда гьединал хIалтIабазда гIадамал гIодор чIун руго бажари гьечIониги, кIиабилеб иргаялда нилъер пачалихъалъул гIуцIиго гьединаб буго. Гьунаралъул къимат гьабулеб республика гуро нилъер аб.

Нилъер пачалихъалдаги, республикаялдаги руго жалго бетIергьанал фабрикаби, гьитIинал рукIаниги заводал, ресторанал, кафеял, боцIи–панз хьихьулел фермаби. Гьенире щайха гIололохъаби хIалтIизе унарел? Пачалихъалъул хIалтIуде чиновниказ росулел ратичIони, гьунарги бугев, бажариги бугев гIолохъанчи къваригIина гури жиндирго предприятие бугев чиясе?

Жиндирго предприятие бугев чиясги восулев гьечIо гIолохъанчи хIалтIуде. Жиндирго предприятие бугес гIолеб гьечIо жакъа гIолохъабазул бугеб гьунар, бажари, лъай. Гьесие къваригIунев вуго специалист. Нилъер институтазги университетазги къватIире риччалел руго дипломал, кигIан багIарал гьел ругониги. Жакъа унго–унголъун хIалтIи гьабизе къваригIарав чиясе диплом хIажат гьечIо, гьесие хIажат вуго специалист. Гьел специалистал нилъер гьечIо.

Цойгиги гIилла буго нилъер гIолохъабазе хIалтIи щунгутIиялъе. Киналниги гIолохъабазе къваригIунеб буго пачалихъалъул хIалтIи. Гьеб хIалтIуда хIалтIичIониги бегьула, пачалихъалъул хIалтIуда тIалабчилъи загIипаб букIуна. Лъилниги гуреб хIалтIиялда тIад бер лъилха букIинеб? Бокьараб конторяялде а бокьараб механда – чай гьекъолел ратула, ришватги босун чи вачIинегIан чIун. Гьединаб хIалтIи бокьулеб буго гIолохъабазе. Чан гIолохъанчи вугев нилъер цо кинаб бугониги преприятие цIунун хъаравул хIисабалда, яги цойги кинав вугониги чи цIунун. Харжги буго, хIалтIизеги кколаро. Гьеле анищ щибав гIоркьиласул.

Нилъер пачалихъалда демократия бугиланги абун перестройка байбихьаралдаса нахъе ихтиярал кьуна. Дин гьабизе мажгитал разе ихтияр кьуна, жиндирго предприятияби гIуцIизе, хурзал рекьизе, боцIи хьихьизе, бокьараб рагIи абизе, даран–базаралъе ихтияр кьуна. Гьел киналго ихтияраздасан гIадамаз пайдаги босулеб буго. Амма конституциялда рекъон хIалтIизе бугеб ихтияралдасан пайда босулев чи вахъунев гьечIо. Киналго гIадамазул ихтияр буго хIалтIизе. БатIияб пачалихъалдаги буго гьединан, нилъер анибги буго. Амма батIияб пачалихъалда хIалтIизе бокьарав чиясе хIалтIи буго. Анибги, нилъер республикаялдаги буго, амма нилъер гIолохъабазул чIухIиялъ гьеб гьабулеб гьечIо.

Жакъа нилъер республикаялда бугеб идеологиялъ, идеологияго батаниха, нилъер гIолохъабазда абуна нужер киназулго ихтиярал цо ругилан. Ихтиярал гIолохъабаз росизеги росана. ГIолохъанчиясул жакъа ихтияр буго дин гьабизе, гьекъолдизе, рохьове ине, хIалтIичIого чIезе, живго кутакав чийилан ккезе, цIалдечIого вукIине, эбел–инсул пенсия кваназе. ГIолохъанчиясул ихтияр буго законги хвезабичIого бокьараб гьабизе. Рохьове иналъги, гьекъолдиялъги, эбел–инсул пенсия квиналъги цониги закон хвезабуларо. ГIолохъабазул ихтияр буго.

Гьединал ихтиярал кодор ругев гIолохъанчиясда кIоларо батIияс жиндиеего рагьараб предприятиялде хIалтIизе ине. ЧIухIиялъ толаро. Дун щай досда цеве хIалтIизе кколев, дов щай дида цеве хIалтIизе кколарев? Гьеб пикруялъ толаро гIолохъанчи хIалтIи балагьизе. ГIолохъанчиясда абун бугеблъидал нуж кIиязулго ихтиярал бащадал ругилан. ГIолохъанчиясда гьеб рагIи бичIчIана досул бугебщинаб дирги букIине кколилан. ГIолохъанчиясда гIайибги гьечIо, гьесда лъицаниги абулеб гьечIо букIинабизе ккани бищунго цебе хIалтIизе кколилан. Гьединлъидал гIолохъанчияс, жиндихъе щварал ихтияраздасан пайдаги босун кIвараб жигар бахъулеб буго батIиязул бугеб магIишат жиндицагоги гьабизе. Наркотикал ричизе ккани гьелги ричила, рохьове ине ккани рохьовеги ина, чи чIвазе ккани гьевги чIвала – аслияб жо буго батIиякьа къечIого магIишат гьаби. Дун хIалтIуде восулев гьечIищ. ГьечIо. Бечедаб гIумру бокьун бугищ дие? Буго. Вегунищха дун вукIине кколев? Вукинаро, бокьа–бокьараб гьабила дица. Дие ихтияр кьун буго.

ГIакълу–лъай гьечIев гIолохъанчиясда живго гурони вихьулеб гьечIо. ГIолохъабазда кколеб гIадамазда цевейин живго лъикIав вукIине кколевилан, Аллагьасда цеве лъикIав вукIине ккеялъул малъулев чиги гьечIо.

Дуца щиб хIалтIи гьабулеб бугониги, бокьани кIудияб букIа, бокьани гьитIинаб букIа, гьеб хIалтIуе БетIергьанас кьолеб къиматалъул хIисаб гьабе, гIадамаз кьолеб къиматалъул хIисаб гьабичIого. Гьеб механда лъала дуда лъикIаб ишищ гьабулеб бугеб квешабищали.

Гьединаб кьолаан нилъер умумуз жидерго лъималазе тарбия. Гьединаб тарбия кьолаан гIолохъабазе жалго гIодоре риччан рукIине, ботIроде кIанцIал гIадин гIамал кIодого рукIинчIого дагьаб сабруялда рукIине, кунчIарабщиналда хадур лъугьун рукIинчIого дагьаб гъваридалъул хIисаб гьабизе. Гьунарги гьабун вуцIцIун чIарав веццулаан магIарулаз гIолохъанчи, гьунар гьабилалдего ахIделев вугесдаса. Гьунаралъеги къимат жидецаго гуро кьолеб букIараб, чIахIияз кьолаан.

Нилъеца бицун букIана бечедаб гIумруялдаги лъикIаб гIумруялдаги гьоркьоб бугеб батIалъиялъул. Бечелъи инсанасе къваригIуна гIадамаз жиндирго адаб гьабизе гIоло, батIияб къагIидаялъ жиндирго адаб гIадамаз гьабуларого бугеб механда гIадамал ричун росизе гIоло. ЛъикIаб гIумру дур бугони гIадамазул дудехун бугеб адаб–хъатир кибениги унаро мискинчи мун вугониги. Гьедин малъана нилъеда умумуз.

Дун вачIун вукIана гьаб дунялаладе, гьалдолеб рокьигун, боркьараб ццингун...

Гьарадерихъа поэт ГIабдулпатахIил творчествоялъул ва гьунаралъул хIакъалъулъ цересел номеразда нижеца бицун букIана. Жакъа «Миллаталда» кьолел руго ГIабдулпатахIил батIи-батIияб заманалда хъварал асарал. ГIаммаб къагIидаялда шагIирасул творчествоялъул хал гьабурабго советияб пачалихъалъул идеологиялъе данде кколарел пикраби руго ГIабдулпатахIил. Гьес гьелъул гIунгутIабиги махщалида рихьизарулел руго жиндирго творчествоялъулъ. Жакъа гIодобегIанаб даражаялъул, учузаб рецц-бакъалъул тIахьазги, гьел хъвалезги цIалдолел къосинарураб мехалда хIажатаблъун лъугьунеб буго хIакъикъияв шагIирасул рагIи. «Миллаталда» цебе чIараб масъалалъун лъугьана миллаталъухъе рагIдукь тарал, риларал гьунарал тIад руссинари. Гьелъул рахъалъ бищунго мухIканаб мисаллъун вихьулев вуго Гьарадерихъа ГIабдулпатахIги.

Дун вачIун вукIана гьаб дунялалде
Гьалдолеб рокьигун, боркьараб ццингун
Амма дица гьаниб бахчизе ккана
Бахъанщинаб ццинги, ккараб рокьиги ...

Асирал

Пленлъуде чи ккечIеб рагъ кидаго букIинчIо,
Амма Сталиница гьел цIакъ инжит гьаруна.
Германия къун хадуб нахъ руссарал асирал
ТIилица бутIрул руххун, хвараргги гIемер ккана.
ХвечIого хутIаралги башдал гIадаллъун гурел,
ГIакълу бутIрулъ тIубан тун, нахъе инсан вуссинчIо.
Нахъе риччан хадурги, къоло щу-щу сонги кьун,
Сибиргун тайгаялде туризе ритIун ана.
Ахирги Хрущевас хвасар гьаричIелани
Хвараб бакIцин лъачIого тIагIун рукIинаан гьел.
«Культличность» къватIиб чIваялъ кумек гьабичIебани,
Киналго асирзаби мусрудулъ жемилаан.
.....

Рогьо

Дун гьитIинаб мехалъ, кIиго чи цоцалъ;
Ццин бахъун рагъани рогьо балаан:
Болъонин, хIайванин, хIамайин, гьвейин
ХIалихьатав солдат,согIав бандитин.

Гьелдасаги хадур херал чагIаца
Хасго какулаан как, кIал тарав чи.
Кашишин, цIогьорин, цIукIайин абун
ЦIар квешаб кьолаан кьалде ккарасе.

Гьанже рогьо гьечIо, щиб гьабуниги
Щвараб жоги бикъун рокъове ворта.
Ришват кьоларевги, босуларевги
Басралъараб бачIун буго замана
..

Гъуниб

Дицани гьаб Гъуниб гъогъол си гIадин
Гъваридаб кIалахъе цун реххилаан,
Щайгурелъул гьаниб гъалбацIал кквезе
Гъирун гIурус гьабзаз гьужум гьабидал.
Дицани гьаб Гъуниб гъвар-гъвариялда
Гъурараб щегI гIадин щущахъ балаан,
Щайгурелъул гьаниб гьаб Улкаялъул
Гьунарги чIухIиги хIатIикь мерхьидал.
Щайгурелъул гьаниб Дагъистаналъул
ЦIар рагIарал васал асир гьаридал,
Щай гурелъул гьаниб шаргIалъул хвалчен
Шамилил кодоса капирас индал.
Гьанисан байбихьун дин – исламалъул
Аслу мукъсанлъизе гIурус нух лъейдал,
Гьанисан байбихьун магIарулазде
ГIурусхъахIбалъидул хъублъи бахъидал.
Гьанисан бегьараб гIурусчакмаялъ
Чан магIаруласул магIирукъ лъураб?
Гьанисан байбихьун рихьулищ лъимал,
МагIарул мацI кIочон гIурус босарал.
Чан жал бусурбанал эбел-инсуца
Аслу капурлъарал лъимал гьарурал?
ЛъикIаб тухумалъул магIаруласул
Миллатцин лъаларел лъимал дандчIвалел.
Купру тIибитIана, дин загIиплъана
Зулмучагlаз имам асир гьавидал,
Имам – исламалъул кьучI жагъаллъана
Кьурул хъалаялде хъазахъ бахиндал.
Хъала босунилан, сардар воххизе,
СокIкIун гъонода лъе гъурараб солдат.
Гъалбацl кверде унин князь чIухIизе
Камурав анлъносго апицер рикIкIе.
Амма гьаб кинабго историялда
Арабги хварабги хайир щиб бицун
ХвезегIан вихьичIев Буденныйил цIар
ЦIакъго рекъон гьечIо гьадаб кавуда.
Кавуда цIар лъезе цIунун хутIарал
ЦIцIарал рекIелъ руго рикIун халкъалъул.
Ругънал картIинибе квас-квас бугIарал
Кида дол кIочонел чарамул ракIал?
Малачил Сурхайил хабар кIочонищ,
Хвалчаца нух бахъун хъазахъ гъурарав,
Хирасул ГIалибег гIоларогойищ
ГIурусаз лъукъараб гъеж тIун реххарав;
Кодоб хвалченги ккун сахабаб кверал
Солдатазул боял бидулъ релъарав.
Сугъулдерил мурид МокъмухIамадий
Мех унин кIочонищ кIудияб гъерей.
Нужеда рагIичIищ МаллагIалил цIар
ЦIаруй гIурус гунгрул гиргизарурав,
ГодекIаниб хераз бицинчIогойищ
Бодаго цIар арав Ахъбердиласул.
Чан цIар хутIарал, цIар хутIичIелги
БахIарзал рекьарал ракьул чохьонир
Бекьарабщинаб жо тIирщулеб гIадат
Гьал бахIарзал щайдай тIирщулел гьечIел?
КигIан кватIаниги дидани ккола
ТIирщ къватIиб баккараб къо бачIинилан…
КъватIул бахIрабаца щиб бацаниги
ШаргIги динги инсул дурусъилилан.
Къоял, кавабазда – кир ратаниги
Квешезе теларин тушбабазул цIар…
Гьаб памятник гуро историялъул
Гьаб ахирлъун ккола историялъул… 1979с

БИЩУН ГIЕМЕР ГIАРАЦ СТАВРОПОЛАЛЪЕ, ХАДУБ — ДАГЪИСТАНАЛЪЕ

◆ Закир МУХIАМАДОВ

Северияб Кавказ цебетIезабиялъе биччалеб гIарцул къадар бахана 5,5 триллион гъуршиде. Гьелъул бащалъиялдаса цIикIкIараб гIарац биччазе буго инвестораз. ГIемерисел гьелги пачалихъиял инвесторал ккола. Цогидал улкабазул инвесторазе Россиялъ лъикIал шартIал чIезаруна. Гьел шартIал гьечIони инвесторалги Северияб Кавказалде рачIунарин рикIкIунеб буго экспертаз.

Цодагьалъ цебе Россиялъул хIукуматалъ хIукму гьабуна 2025 соналде щвезегIан Северияб Кавказ цебетIезабиялъе 4 трлн гъурущ биччазе. Гьеб бихьизабун буго хасаб пачалихъияб программаялда.

Амма Россиялъул финансазул министерствоялъ инкар гьабуна Северияб Кавказе гьебщинаб гIарац биччазе.

Экономика цебетIезабиялъулги финансазулги министерствабазда кIвечIо Северияб Кавказ цебетIезабиялда тIасан цо пикруялде рачIине.

Гьал къоязда регионал церетIезариялъул министрасул заместитель Верещагин Сергейица лъазабуна Северияб Кавказ цебетIезабиялъул программаялъул багьа кколин 5,5 триллион гъурущ. Гьел триллионазда гьоркьоб 2 триллионги 600 млрд гъурущ бугин федералияб бюджеталдаса биччалеб гIарац. ХутIараб гIарац балагьизе буго инвесторазухъа. Гьединал инвестораллъун рихьизаруна Роснефть, Газпром, ФСК гIадал пачалихъиял компаниял ва корпорациял.

Северияб Кавказалъул регионазда гьоркьоб бищун цIикIкIун гьеб гIарац щвезе буго Ставрополь мухъалъе. Гьебги 1,5 триллион гъурщидасан цIикIкIун. Хадубго бачIунеб буго Дагъистаналъе. Республикаялъе цохIо инвестораз биччалин 414 млрд гъурущин абураб хьул буго.

Регионал церетIезариялъул министерствоялъ исана риидал гIуцIана Северияб Кавказалда хурхараб хасаб программа.

Гьелда сверун чанги гъалмагъир ккана. Гьеб программаялъул экспертиза гьабун хадуб добго финансазул министерствоялъул хIалтIухъабаз абуна Северияб Кавказалда институционалиял хиса-басиял гьариялъе гьеб гIарцудасан цониги кепек бихьизабун гьечIин. Гьел хиса-басиял гьаричIони, Северияб Кавказ жакъа бугеб хIалалдаго хутIулин жеги.

ТIадежоялъе Северияб Кавказ цебетIезабиялъе гIуцIараб хасаб программаялда бихьизабураб гIарцул къадар анцIго нухалъ цIикIкIун буго федералиял цогидал программабазда дандеккун. Гьединлъидал финансазул министерствоялъул экспертаз Россиялъул хIукуматалда гьарана гьеб программа къабул гьабугеян.

Гьего мехалъ экономистаз абулеб букIана пачалихъиял идарабазги министерствоялъги тIубалеб суал гурин гьеб, щайгурелъул гьеб политикияб суал кколин. Гьелда тIасан ахирисеб рагIиги хIукуматалъ абилин.

Гьал къоязда программа хал гьабизе хIукуматалде битIана.

ГIагараб заманалда Северияб Кавказалде инвестициял риччазе руго Франциялдаса, Австриялдаса ва Италиялдаса компанияз.

Регионал церетIезариялъул министерствоялъул хасаб докладалда рекъон, инвестициязул рахъалъ росани, бищун ракI тIаде цIалареллъун ккола Северияб Кавказалъул республикаби.

Гьелъул экономикаялъе аслияблъун бихьизабулеб буго туризм цебетIезаби. Гьелъие гIоло гIуцIана «Северияб кавказалъул курортал» абураб пачалихъияб корпорация.

Гьелъул кумекалдалъун Дагъистаналда МакьастIа базе буго курорт. Гьединго олигархI Керимов Сулейманица пляжалъул туризмалъеги биччалеб буго гIарац.

Северияб Кавказалда щуго курорт баялда тIад харж гьабизе буго 15 млрд доллар. СКФОялда вугев Россиялъул президентасул вакил Хлопонин Александрица абуна лъиданиги кIвезе гьечIин курортазе биччалеб гIарац бикъизе, щайгурелъул гIарац хIукуматалъ гуреб, инвесторазги биччалеб бугелъулин, гьел инвестораз жидерго гIарац ясбер гIадин цIунулин.

Гьал къоязда Сочиялда тIобитIана инвестициялъул форум. Гьенир Дагъистаналъ гьаруна 30 млрд гъурщил багьаял къотIи-къаял.

Форумалда гIахьаллъарав Дагъистаналъул нухмалъулев МухIамадов МухIамадсаламица абуна гьел проектазде кIвар кьезе бугилан:

— Гьанир нижеца гIемер къотIи-къаязда гъоркь гъулбасинчIо, цоцоязда гурони. Амма гьел къотIи-къаял руго тIуразаризе бегьулел, хайирги бугел. Мисалалъе, Дагъистаналъул экономикалъул форумалда гьаруна 200 млрд гъурщил хайир бугел къотIи-къаял, амма бичIчIулеб буго, гьезул гIемерисел рагIалде рахъине гьечIолъи. Руго чанги кIвар кьезе кколел проектал, гьел тIураялъе жигарги бахъизе буго. Гьединал проектал гIемер ругелани, лъикI букIинаан.

Экономистаз ва политологаз рикIунеб буго инвестициялъул рахъалдасан босани, Дагъистаналда чанги батIияб проект гIумруялде бахъинабизе бегьулин, амма гьезие квал-квал гьабулин лъабго масъалаялъ: террор, ришватчилъи ва тухумчилъи.

Гьел масъалабазда гьоркьосан цониги тIубан гьечIо, гьединлъидал Дагъистаналде инвестициял риччалел Франциялдаса, Австриялдаса рукIа фирмабазе Россиялъ хасал гарантиял кьолел руго, нагагьлъун гьоркьоб араб гьезул гIарац тIадбуссинабизе.

Пресс-конференция Михаила Прохорова

На днях Конференц-зале «Москва» гостиничного комплекса «Измайлово» состоялась пресс-конференция Михаила Прохорова с представителями региональных СМИ. Политик и бизнесмен ответил на все вопросы журналистов и представил своих новых соратников. Мероприятие прошло без особой помпы, по рабочему. Только региональных журналистов приехало более 500 человек из всех субъектов нашей необъятной родины, в том числе и большая группа из Дагестана.

Михаил Прохоров, перед началом пресс-конференции озвучил некоторые тезисы своей политической доктрины, проект которой был роздан всем участникам действа. «Прежде всего, надо понимать, что мы живем во время глобального изменения мироустройства, - сообщил политик, - у нашей страны сегодня есть уникальный шанс вернуть себе лидерство. Если этого не сделать то нас ожидает следующее: мир войдет в рецессию, цены на нефть и газ упадут, государство не сможет обеспечивать высокие социальные обязательства. Мы много работаем в России, мы свободные люди и привыкли брать ответственность на себя, и мы хотим помочь. Но политика от бизнеса отличается тем, что бизнес позволяет ограничиться узким кругом людей. В политике все наоборот. Я ничего без вашей помощи сделать не смогу».

Прохоров обратил внимание на то, что в его партии собраны профессионалы, доказавшие свою успешность на деле. Этим людям не нужны деньги, привилегии, должности. Использовать их ресурс предполагается уже сейчас, в «теневом» кабинете министров, как это принято во многих странах мира. Михаил Дмитриевич лично представил будущих министров: по борьбе с наркоманией – Евгения Ройзмана, основателя Фонда «Город без наркотиков»; по делам СМИ – Александра Любимова, популярного журналиста; энергетики – Михаила Слободина, экспрезидента ЗАО «Комплексные энергетические системы»; здоровья – Артема Бектемирова, создателя сети аптек «36,6»; спорта – Александра Попова, четырехкратного олимпийского чемпиона по плаванию; финансов – Евгения Иванова, ранее возглавлявшего «Росбанк»; культуры – Екатерину Гениеву, директора Библиотеки иностранной литературы.

На непосредственно диалог с журналистами организаторы определили час рабочего времени, однако желающих пообщаться было так много, что сессия продлилась вдвое больше. Часть вопросов была передана в виде записок. Ответы на них были выложены позднее на сайте «Правого Дела». Ну а стартовый вопрос довелось задать Дагестанской журналистке Гуризаде Камаловой. Она спросила, почему лидер правого дела выступает за ликвидацию всех полномочных представителей в федеральных округах, кроме Северо-Кавказского. Михаил Дмитриевич ответил, что большинство соратников, учитывая сложную ситуацию в регионе, за сохранение этого поста на непродолжительный период времени. Меньшинство, в том числе и сам Прохоров – против. Он предложил распределить функции полпредов между губернаторами, а большую часть полномочий, в частности, «власть и деньги», отдать главам местного самоуправления.

Собственно политики на пресс-конференции оказалось не много. Прохоров подтвердил, что возглавит региональный список кандидатов в Думу Красноярского края, так как до сих пор сохранил красноярскую прописку. А при благоприятном стечении обстоятельств 4 декабря не исключил возможности баллотироваться на пост Президента страны. Парламент он обещал сделать местом для дискуссий, а депутатскую неприкосновенность отменить.

Интересными оказались предложения в экономической сфере. Например, возврат к 14% налоговой ставке для предпринимателей, а для сельхозпроизводителей его совсем отменить. Такую же благодать посулил Михаил Дмитриевич и тем, чья зарплата не превышает 15 000 рублей. В пакете предложений – снять все запреты на использование земли, в то же время государству запретить изымать землю в свою пользу, как, например, в Сочи, где сейчас идёт строительство олимпийских объектов, ограничить 25-ю% (блокпакет) принадлежность государству федеральных и региональных СМИ, что даст большую свободу журналистам.

Не обошел эту пресс-конференцию и вопрос о «пресловутой» 60 часовой рабочей неделе, которую «инкриминируют» Прохорову. «Вопрос полностью переврали и чёрное назвали белым, - посетовал политик, - Действующий трудовой кодекс безнадежно устарел. Сегодня выходит, что люди работают больше 40 часов, а им за это не платят, потому что законодательство этого не позволяет». К тому же, по его словам, речь идет о возможности добровольного увеличения работником своего рабочего времени.

Дагестанский журналист Сапият Магомедова в своем вопросе обратила внимание на то, что многие политики не брезгуют националистическими лозунгами, и прямо спросила у Прохорова, что он думает о слогане «Россия для русских». «Наша страна – страна межконфессионального, межрелигиозного мира, - сказал он, - всегда, когда в истории касались национального вопроса – разваливалось государство. Александр III начал русификацию финских деревень, и рухнула Российская Империя, не решили вопрос с Сумгаитом – рухнул Советский Союз. Я считаю, что это преступление, и людей, которые разжигают на выборах национальную рознь, я бы просто сажал. Я за то, чтобы дать возможность всем национальностям развиваться и связывать свою судьбу с нашей страной».

Во второй части пресс-конференции члены «теневого» правительства, присутствовавшие в зале, также получили время на презентацию своих участков партийной работы и ответили на вопросы. После этого мероприятие завершилось.

на правах рекламы

хитIаб

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «СанагIат гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гарачIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца санагIат гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул санагIат гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политиказухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электронияб къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
з-й этаж
редакция
газеты «Миллат»,
ялъуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.

бокьани божа, бокьичIони божуге

Макьаби рихьуларел гIадамал рукIунаро. Амма бихьиназдаги руччабаздаги гьел батIа-батIайисан рихьула. ГIемерисеб мехалда бихьиназда бихьинал рихьула макьилъ. Руччабаздайин абуни бихьиналги руччабиги ращад рихьула. Хъунхъудулеб заманалда чиясда макьу бихьуларо.

Инсанасда дандеккун чода 18 ракьа цIикIкIун буго.



Гьацул цо гъуд (30 г) бакIаризе тIубараб къоялъ хIалтIула 200 на. ГьедигIанаселго наял хIалтIула цогидаз бакIарун бачIараб гьоцIо тIалида жаниб лъезеги.



Минуталда жаниб киталъул ракI кьабула гIицIго 9 нухалда.

«Я вам покажу Кузькину мать» илан Хрущевас ООНалъул ассамблеялда абурал рагIаби ингилис мацIалде бугеб куцалда руссинарун руго («Кузьмал эбел»). Гьелъул магIна бичIчIичIолъиялъ, гIадамал хIинкъизарулеб жойин ракIалдеги ккун, америкаялъулаз СССРалъул бомбабазде абулаанила «Кузькина мать» йилан.



ГIанкIудал бищун халатаб роржен 13 секундалъ гурони букIунаро.

КигIан гьараниги гьумер хIадур гьабичIо ПатIимат МахIмудовалъ

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

ЛъикIаб асар гьабуна XI. Давудовасул кучIдуз ва ГъалбацIовасул макъалаялъ, гIемерлъайги аваразул патриотал

8928 … .. 47

Зигара балеб буго ГъалбацIовасул «Коммунизмги» лъугIун цIализе щвечIого хутIарал «Миллаталъул» поклонниказда

8988 … .. 10

Нужеца рагIи кьун букIана магIарул районаздаса макъалаби хъвазе сапар гьабилин, нуж жеги нухдайищ, ялъуни депутатазда гIадин кIочон тунищ абураб?

Бакълъулав

Цебени рищиязда гьаракьниги бичизе бегьулаан, Путин вачIаралдаса дир гьаркьил ваучералъул гIадаб жо ккана

8964 … .. 70

ХIурматияв президент! Кумухе унеб мехалда Левашиялдаса Ташкапуралде бугеб нухлул хал гьабичIищ дуца, 60 соналъ ремонт гьабун батиларо гьениб, гьелде кIвар буссинабулебани дуца

8928 … ..9I

Тимур Айтберовасе баркала кье, аваразул тарих тумазе бичарав бахIарчи нилъеда кIочене бегьуларо

8928 … .. 4I

Жакъасел аваразул церехъабазухъ валагьун цо-цо мехалда ккола миллаталдаса инкардай гьабила абун

8988 … .. 11

«ХIакъикъат» газеталда хIалтIулев чи Дациев гурони вукIинчIин абуна араб анкьалъ, пивбаралда вихьун вукIана гьакълил заралалда тIаса макъала хъвалев

Шарапудин

Киналго миллатаз жидерго чагIи хъулухъазде цIалел руго, магIарулал мажгитазда разборкаби гьарулел хутIана

8960 … .. 42

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, ва Республикаялъул киналго "Дагпечаталъул" киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахIе тел.:
8-905-476-56-65,
8-988-261-85-25.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби

БежтIа росу

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: ул. Шоссе аэропорта (Каммаева) 19а. тел: 69-60-03
E-mail: millat@gmail.com

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.